Ассаламу гIалайкум, казбекалъул жамагIат!

ВЕСТНИК

# Чапар

КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 29 (93167)/ 24 июль 2017 с./ итни 30 Зуль-къаг1ида 1438 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru




*Ежегодно 26 июля жители Дагестана отмечают один из важнейших государственных праздников – день Конституции!*

*Необходимость ее разработки диктовали изменившиеся условия жизни на постсоветском пространстве Дагестана и России. Изменения в общественно-политической жизни привели к необходимости внести некоторые поправки, и 10 июля 2003 года была принята новая Конституция, но, несмотря на различие дат, граждане ежегодно отмечают 26 июля День Конституции РД. Это объясняется преемственностью обеих конституций.*

# *Поздравляем!*

## *Уважаемые жители района!*

Конституция – не просто сухой закон, написанный на бумаге, она определяет суть, основу нашей жизни во всем ее многообразии, гарантируя нам то, что мы сегодня и завтра будем свободны! Поздравляем вас с праздником, желаем вам здоровья, счастья и гордиться своим гражданством.

***Глава МР «Казбековский район» Г.Г.МУСАЕВ***

***Председатель Собрания депутатов Г.М.ГИРИСХАНОВ.***

## *Уважаемые казбековцы!*

День Конституции Республики Дагестан – это не просто официальный праздник, но и памятный день принятия документа, благодаря которому мы с гордостью называем себя дагестанцами, можем трудиться, мечтать и жить свободно и справедливо! Примите наши искренние пожелания счастья, любви, удачи и долгих лет!

***Депутат НС РД М.-п.(К.-п.) Д.УМАХАНОВ***

***Секретарь политсовета ВПП «Единая Россия» Д.Г.МАХАЧЕВ.***

## XIурматиял районцоял!

РакI-ракIалъ баркула нужеда Дагъистаналъул Конституциялъул къо!

Гьарула нужее щулияб сахлъи, рохел, талихI ва гьабулеб ишалъулъ битIккей.

***ЖамгIияб палатаялъул председатель ХI.АДИМИРЗАЕВ.***

***Рагъулгун захIматалъул ветераназул Советалъул председатель Х.М-ХIАБИБОВ.***

# *Районалъул администрациялда*



18 июлалда райадминистрациялда тIобитIана аппаратальул иргадулаб данделъи. Гьенире гIахьаллъана-районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаев, гьесул заместителал, учреждениябазулгун организациябазул жавабиял хIалтIухъаби, участковыял инспекторал ва росабазул администрациябазул бутIрул. Гьоркьоре росарал суалазул аслияблъун букIана: ***«Административияб комиссиялъ 2017 соналъул тIоцебесеб бащдаб лъагIалида гьабураб хIалтIи»*** абураб.

Гьеб суалалда хурхун гьабураб кIалъаялда административияб комиссиялъул секретарь Б.С. Нуцаловас, къокъгьабун,-бицана комиссиялда тIадал ишазул, гьелъ гьарурал ва гьарулел ругел хIалтIабазул, дандчIвалел захIмалъабазул. Гьес абуна: ***«Цо-цо росабалъ административиял комиссиязул хIалтIи хашго хIалалда буго. ГIадлу-низам хвезабулезда тIад гьарурал протоколазда бихьизабураб гIакIа кьезабиялъе кумек гьабизе участковыял инспекторазги инкар гьабулеб буго, гьеб жидеде кколеб хIалтIи гуро»,***-ян. Гьеб суалалда хурхун гьабураб кIалъаялда ХI.Мусаевас абуна: ***«Дун рази гьечIо административиял комиссиязул хIалтIуда. Дихъе щола росабалъ гIадлу-низам хвезабиялъул хIужаби. Щай гьезда сверухъ гьабулеб хIалтIи бихьулареб? Участковыязда тIадаб буго росабалъ кколел киналниги лъугьа- бахъиназул хIакъикъат лъазе.***

***Б.Нуцаловасул кIалъаялъухъ гIенеккараб мехалъ бичIчIуна административияб комиссиялъул хIалтIи гIейгьечIеблъун букIин. Цебего заман щун буго гьеб хIалтIи кьуч1дасанго хисизабизе. Административиял комиссияби ва росабалъ гIадлу-низам цIуниялда тIад хIалтIизе кколел тIолалго цолъичIони, гьезул хIалтIи лъикIлъизе гьечIо ва цебехун унаро»,***-ян.

Администрациялъул жавабиял хIалтIухъабаз тIадкъаял тIураялъул ва ккарал хIасилазул бицен гьабуна экономикаялъулгун планированиялъул ва гIуцIиялъул суалазул отделалъул начальник Д.З.Сайдулаевас.

Данделъиялъул халгьабиялде росарал суалал рича-чвана ва гьаруна рекъон кколел хIукмаби.

***М.-Ш.ГIАБДУЛАШИМОВ.***

**РОСДАЛ МАГIИШАТАЛДА**

# *Хасалиде х1адурлъи - цебе ч1араб масъала*

***Хасало гьоко, риидал чанагъ хIадурун те. (умумузул аби).***



Ахириял соназ нилъер республикаялъе ва районалъе нухмалъулез кIудияб кIвар кьолеб буго росдал магIишат цебе тIезабиялде. Гьава-бакъалъул рекъонгурт1иялде, басрияб техникаялъул квекIеназде балагьичIого, «Дылымское» ГУПалъ «ЮРТ» участокалда хаслихъе бекьана 25 гекталда ролъ ва огоб журазарун лъугьараб **тритикале** абураб ц1ияб тайпа ва ихдал гьелда гьоркьоб - горохги.

Гьал къоязда гьеб участокалдаса бакIарараб тритикалеялъулгун горохалъул 250 т. силос х1адурана. УСХялъул специалистазул раг1абазда рекъон, гьедин х1адурараб силосалъ боц1уе ц1ик1к1араб пайда кьолоеб буго. Гьеб хIадур гьабиялда, кIвахIтун, хIалтIана-Камиль Мусиков, Аюп ЛахIитов, Арсен ХIажиев, ГIабдурахIман МухIудинов ва Закария ГIумаров.

***ХI. КАРИМОВА.***

# С Юбилеем!



***24 июля исполняется 30 лет депутату Народного Собрания РД, секретарю ВПП «Единая Россия» по Казбековскому району, молодому политику, нашему земляку Махачеву Далгату Гаджиевичу.***

***Руководство района, члены политсовета местного отделения ВПП «Единая Россия» и друзья поздравляют Далгата Гаджиевича с днем рождения. Желают ему крепкого здоровья, счастья, благополучия, радости и больших успехов.***

***Пусть все сложится так, как задумано им и в душе у него не иссякнет источник добрых дел.***

***Пусть рядом с ним всегда будут те, кто близок ему и в трудную минуту готовы подставить свое плечо.***

*Ниж - терроризмалде данде*

## Буртунаялда АТКялъул данделъи

19 июлалда Буртунай росулъ тIобитIана терроризмалде данде ч1еялъул комиссиялъ 2017 соналъул тIоцебесеб бащдаб лъагIалида гьабураб хIалтIул хIисаб кьеялъул данделъи.

Гьеб данделъиялда кIалъазе вахъарав «Казбек район» муниципалияб гIуциялъул бетIер ХI.ХI. Мусаевас, къокъгьабун, бицана районалда бугеб ахIвал-хIалалъул, пачалихъалъул роцада гьеб вахIшияб, такъсираб иш билъанхъизабулезде данде гьабулеб бугеб рагъалъул, ай, районалъул тIолалго гIуцIабаз, кIвахIтун, гьабулеб бугеб бичIчIикьеялъул хIалтIиялъул.

Гьенив, 2016 соналъ ва 2017 соналъул т1оцебесеб бащдаб лъагIалида терроризмалъул идеологиялде данде администрациялъ гьабураб хIалтIул бицун кIалъазе вахъана Буртунай росдал администрациялъул бетIер АхIмад Салманов.



Хадусан кIалъазе рахъарал - ОМВДялъул хIалтIухъан С.Ю. ХIусейновас, Буртунай росдал имам Р.А. Къасумовас, районалъул бет1ерасул заместитель И.Б. Салимхановас, динияб идараялъул бичIчIикьеялъул хIалтIи гьабулев М. Гъанаматовас, РУОялъул начальникасул заместитель З.Закарьяевас, культураялъул Централъул директорасул заместитель Гъ.Г. Абуевас, ФК спорталъул отделалъе нухмалъулев И.А. Булатхановас, къайимлъиялъул отделалъе нухмалъулей З. Батиевалъ, АТКялъул специалист Ш.В.Расуловас, ОМВДялъул балугълъиялде рахинчIел лъималазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул инспектор М.Х. Темирбулатовалъ (ОМВД), уголовнияб розыскалъул начальник М-к. Асадулаевас, информациялъулаб технологиялъул отделалъул начальник Б.С.Нуцаловас, къокъгьабун, бицана араб бащдаб лъагIалида жаниб жидеца нухмалъи гьабулел идарабаз терроризмалъул идеологиялде данде гьабулеб бугеб хIалтIиялъул, дандчIвалел захIмалъабазул ва планалде росарал суалазул.

Гьеб данделъиялде гIахьаллъаразул хIукму ккана АТКялъул комиссиялъ 2017 соналъул тIоцебесеб бащдаб лъагIалида жаниб гьабураб хIалтIи гIейгьечIеблъун рикIкIине.

***«Нилъ рохизе ккараб жо буго нилъер районалда террористал гьечIолъи ва ахириял соназда нилъер район, цогидал районазде данде ккун, гIодобе биччараб букIин.***

***Амма гьедин бугинги абун, нилъ чучго чIезе бегьуларо. Рачел къазе ккола жеги лъикI. Гучлъизабизе ккола халкъалда гьоркьоб гьабулеб бичIчIикьеялъул хIалтIи. Щибаб росулъе щун, хIажалъани щибаб рукъоре щунги, гIадамазе бицине ккола терроризм щиб жо кколебали ва гьелъул хIасилал кинал рукIунелали.***

***Щивав жавабияв хIалтIухъанасул букIине ккола жинца терроризмалъул идеологиялде данде къеркьеялъе гьабизе бугеб хIалтIул план.***

***Гьеб планалда рекъон киназго, цадахъ лъугьун, кодобе босун, хIалтIиги гьабизе ккола»,***-ян абуна данделъиялъул ахиралда ХI.ХI. Мусаевас.

*С.СУЛТАНМУХIАМАДОВА.*

*К1удияб бергьенлъиялъ - 72 сон!*

## Рагъул гIахьалчагIи ва хIалтIул ветеранал

Гьезие тIадегIанаб къимат кьезе ккани бергьараб гьунар хIажалъуларо. Гьел киналго нилъее ккола багьадурзаби. Гьезул гIетIги биги тIинкIаралъусан тIегьана нилъее ракълилаб гIумруги хIалхьияб заманги. Гьел нилъедаса ратIалъана,ана ракьалде лъикIлъиялъул кIочонарел лъалкIалги тун. Жакъа нилъеца чIаго ругезул цIаралги ишалги кIочене тезе бегьуларо.

Рагъул кьогIлъигихIалтIулзахIмалъигибихьичIезгьезулкъиматгигьабуларо.Рагъалъ чIунтизабураб магIишат цIидасан гIуцIулаго, районалъул экономикиябгун социалияб, политическияб, жамгIияб рахъал церетIезариялъулъ жигараб хIалтIи гьабуразулъ цIар рехсезе мустахIикъай йиго Дилим росулъа захIматалъул ветеран Баху МухIамадова.

Гьей гьаюна 1928 соналъ багIарав партизан, КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи Ибрагьимов Юсупил ва Меседол хъизаналда. БитIун лъималазе хIажатаб мехалъ хвана эбел. Бесдаллъана гьит1инго лъимал. Бахул эмен Юсупги вукIана къисматалъ вохизавичIев, захIмат бокьулев, лебалав, нахъе-къай гьечIев, унго-унгояв магIарулав. Жеги балугълъиялде вахинчIев гьев вукIана Салатавиялъул партизабазул отрядалъул командирасул кумекчилъун.

Хадусел соназ Юсуп хIалтIана Дилим росдал Кировасул цIаралда бугеб колхозалъул, росдал советалъул исполкомалъул председательлъун. ВатIаналде тIаде ккараб къо борхизе, гьев, г1арзаги кьун, рагъде ана. ТIадвуссун хадуб гIуцIана магIишат, гIун рачIана васалгун ясал.

Районцоязда ,хасго ч1ах1ияб г1елалда, г1езег1анго лъик1 лъала Юсупил васал Камилгере ва Ибрагьим(Аби). Камильгере г1емерал соназ х1алт1ана муг1алимлъун ва директорлъун Дилим росдал школалда (гьанжесеб лицей), Ибрагьим (Аби) - тохтурлъун. Гьев чанго соналъ хIалтIана Чечено-Ингушетиялъул Малгобек шагьаралъул больницаялда, хадусан гIагараб росдал централияб больницаялда. Яс Бахуца захIматалъул нухде гьитIинго гали т1амуна. Гьелъул хIалтIул стаж бахуна бащдаб гIасруялде. ХIалтIана почталъул агентлъун, районалъул халкъияб судалъул секретарьлъун, партиялъул райкомалъул политикияб лъайкьеялъул кабинеталъул библиотекаялъул заведующаялъун.

ТIадкъаялги гьелъ, ракIбацIцIадго, тIуразарулаан. 30 соналъ гьабуна Бахуца халкъияб судалъул заседателлъи. Бахул захIматалъе ВатIаналъ кьуна мустахIикъаб къимат. Гьелъул шапакъатазул сияхIалда гьоркьор руго щуго юбилеязул медалал, «ЗахIматалъул ветеран», КПССалъул Дагъистан обкомалъул ХIурматалъул грамота, гьединго, батIи-батIиял соназ кьурал Баркалаялъул кагътал, «Медаль материнства», «Медаль за доблестный труд» ва цогидалги тIадегIанаб даражаялъул шапакъатал.

ГIумрудул гьудул ИзрагIилицаги гьелъги, тарбия кьун, гIезабуна 7 лъимер. Гьезул щивасе щвана тIаса бищарал махщел.

Къисматалъул квер кибего гIунтIулилан абула умумуз. ГIумруялдаса ратIалъана Бахул кIиго вас, рос,яц Нурипат. Дагьал церегIан къояз авариялде ккана гьелъул васасул васасул гIолохъанав вас. «ЗахIматалдасаги рухIи бакIаб букIанин», абун бераздаса чвахулел магIил гарал рацIц1ана гьелъ.

**«Дун разияй йиго Аллагьасул хIукмуялда, лъималаз гьабулеб тIалаб-агъазалда, жакъасеб гIумруялда»,-** ян абуна Бахуца.

РагIунгеги нилъеда киданиги рагъул гъугъай.Бихьугеги ракъи, бачIунгеги тIаде чияхъа х1инкъараб къо! Гьел руго Бахул щибаб какда хадуб гьабулеб дугIаялъул рагIаби.

*ХI. КАРИМОВА.*

*Инсан ва г1умру*

## Спорталъе хилиплъич1о



Жамалдинов Жамалдин гьавуна 1954 соналъ Алмахъ росулъ колхозниказул хъизаналда. 1961 соналъ гьезул хъизан гочана Калининаулалде. Гьениб 7 класс лъугIун хадув, гьев цIалана Горький шагьаралъул школа-интернаталда. (Гьенире районалдаса лъимал ккана ракь багъарараб 1970 соналъ). ГьитIинго бижана Жамалдинил спорталде рокьи. Интернаталда рес букIана спорталъул бокьараб секциялде хьвадизе. Жамалдин унаан боксалъул, теннисалъул ва волейболалъул секциябазде. Гьев гIахьаллъулаан батIи-батIиял къецазда. Гьедин, Жамалдин гьенив вахъана боксалъул мастерлъиялде кандидатлъун,гьединго, гьесие щвана теннис ва волейбол хIаялъул тIоцебесеб разряд.

1973 соналъ, гьоркьохъеб школа лъугIун хадусан, Ж. Жамалдинов лъугьана ДГПИялъул физкультураялъул факультеталде. Гьенив цIалулелъулги гIахьаллъулаан гьев спорталъул къецазда. Жамалдин вахъана Моздокалда тIобитIараб РСФСРалъул «Буревестник» обществоялъул чемпионлъун, Дагъистаналъул теннис хIаялъул чемпионаталда гьес босана кIиабилеб бакI.

Институт лъугIун хадусан Жамалдин тIамуна Калининаул росдал гьоркьохъеб школалде мугIалимлъун. Гьелда цадахъго гьев хIалтIана лъималазул спортшколалда тренерлъун ва «Бергьенлъи» колхозалда спорталъул инструкторлъун. Гьес хIадурарал спортсменал рахъана разрядникаллъун, спорталъул мастерлъиялде кандидаталлъун ва гьез батIи-батIиял къецазда росана призалъулал бакIал.

1983-1993 соназ Жамалдин хIалтIана Хасавюрталъул «СИЗО-3»-ялда контролерлъун ва спорталъул инструкторлъун,1995-1999 соназ - Хасавюрталъул жанисел ишазул отделалда. Гьениб гIуцIун букIана милициялъул хасаб отряд (ОМОН).Гьенив хIалтIиялда цадахъ гьес бачана кверзул рагъалъул инструкторасул хIалтIиги. 1999-2006 соназ гьев хIалтIана Россиялъул УФСИНалъул «Орел» отрядалда кверзул рагъалъул кIудияв инструкторлъун, хадув-штурмалъулаб отрядалъул начальниклъун. Гьединго, Жамалдин вукIана генералал Трошев ва Беспалый ц1унулезул, рагъул техникаялъул колоннаби нухда регIулезул мухъилъ. РекIелъ хIинкъи гьечIого, ва, ракIбацIцIадго, гьес хъулухъ гьабиялъе нугIзаллъун руго гьесие щвараб «БахIарчилъиялъул» орден, «БахIарчилъиялъухъ» медаль ва цогидалги каранда ралел гIаламатал.

2006-2013 соназ Жамалдин хIалтIана «Черномортранснефть» гIуцIиялъул кIудияв хъаравуллъун, гьенибги хисичIо гьесул спорталде бугеб рокьи. 2014-2016 соназ гьев вукIана Хасавюрт шагьаралда сбербанкалъул хъаравуллъун. ХIалхьиялде аниги гIодоб течIо Жамалдиница спорт. Гьесул хIаракатчилъиялда Калининаулалда гIуцIана «Алмахъский» спортклуб. Гьенир гIолилал куцалел руго теннис ва бокс хIаялъе. Гьесул жигарчилъиялда тIоритIула батIи-батIиял къецал ва гьес ругьун гьарулез гьенир росула призалъулал бакIал.

Къисматалъул сухъмахъаз кивехун вачаниги, Жамалдин спорталъе хилиплъичIо.

*М.-Ш. ГIАБДУЛАШИМОВ.*

Имам Шамилил - 220 сон!

# Имам кIодо гъавун,..



12 июлалда, районалъул Централияб библиотекаялъул директор З. Адилмирзаевалъул жигарчилъиялда, цIалдолезул залалда тIобитIана Имам Шамиль гьавуралдаса 220 сон тIубаялда хурхараб данделъи.

Цого Дагъистаналда гуребги, гьеб кIодо гьабулеб буго тIолабго дунялалда. Дилим росдал 7-8 классазул цIалдохъаби гIахьаллъараб гьеб данделъиялда гьезие рес щвана Шамилил хIакъалъулъ батIи-батIияб заманалда хъварал тIахьалгун лъай-хъвай гьабизе. Гьеб хIадур гьабун букIана библиотекарь ПатIимат Салмановалъ.

Имам Шамилил гIумрудул нухалъул хIакъалъулъ данделъаразе бицана директоралъул заместитель М-хIабиб МухIамадхIабибовас.

Гьеб тадбир гIуцIиялда иналъе ва пайдаяблъун букIиналъе нугIлъи гьабулеллъун рукIана лъималаз,Шамилил гIумруялда хурхун, кьолел рукIарал суалал.

***А. ГIАБДУЛМУСЛИМОВА.***

## Буртунаялдаса Гъайирбегиде

***1997 соналъ МахIачхъалаялъул басмаханаялъ къватIибе биччараб, ГIободаса ХIайбулласул МухIамадил вас Сиражудиница данде гьабураб «Гъазаваталъул шигIраби» абураб тIехьалда буго машгьурав шагIир, дол цересел соназ Эндирей росулъ дибирлъун вукIарав, ЧIикIаса МухIамадица, Имам Шамилил наиблъун вук1арав, Буртунаялдаса Гъайирбег чIванин раг1индал бахъараб шигIру.***

***Имам Шамил гьавун 220 сон тIубаялъул хIурматалда, жакъасеб газеталъул гьумералда нижеца бахъулеб буго гьеб шигIру.***



Нахъбакlаца гьекъолеб Къарбиязул Алазан,
Къун ракьулъе тIерхьиндал, къиралзаби роххана.
Буртабаца гъурщулеб шаригIаталъул квагьащ
Мащу тIу-тIун, тIегь бортун, тана Туменбашалда.
Амма цо гIайиб буго, гIолохъаби, нилъеда,
Паламалъул канаб моцI Кардоналда хутIидал.
Ашдарханалъул щунгъар, щват битIун вегулелъул,
Щиб къокъадай бачIана бугеб алжан бицине?
Дур чуял расандулеб Чинараялъул гохIда,
Чундул, маккал данделъун, духъ магIу лъун бугила.
Чабхаца нух бахъараб авлахъалъул ракьалда
Мисри, Шам, ХIижазалъул агьлу буссун батила.
Хъаравул тоге абе Темиргъоялъул гохIда,
Туркменазул аздагьо зазил гохIилъ хутIанин.
Пухьби тейилан абе Янгъиязул боцIуда,
БацIалъ речIчIулеб аргъут гъараялъ гIодоб кканин.
Лагерь къачIаян абе къирарзабазул бода,
КъуркьичIого багъулеб, гъалбацI гIодоб биччанин.
Мурзикатул пуй абе полковникасул бода
Бодулъ речIчIулеб пири паналъун биххун анин.
Аварагзабиги хун, хараблъараб дуниял,
Имамзабиги рахъун, низам цIунун букIана.
Имамзабиги тIагIун, наибзабиги лъугIун,
Пурусазул диванал дунялалда щущана,
Питнаялъул чол гьакал чадраздасан къокъана,
Бакъул чIорал къотIулеб, къвекIаб цIум ракъулъ лъедал
Гъизляралъул хъазахъал авлахъалде рахъана,
Гъажоваралъул рохьоб гъалбацI бахчун гьечIилан.
Цо моцIрол манзилалда цIаралъ тушман хIинкъараз,
ЦIоралдаса мусудул асир гьарун рачарав,
Хайбар бахъулев Пали Пилиюналде индал,
Пурул кьода охранал угьдулелго ратила.
Дунял гвангъулеб чирахъ чабчахъалда лъугIидал,
Сверун гIалхул хIайваназ ахIун магIу тIечIодай?
Лълъел бакIалда би гьекъон, къоял-сардал рогьарав,
Салваалъул ясалгун Пирдавсалде инчIодай?
Чодул кьолода жаниб кьалул тарихалги хъван,
Таркиялъул авлахъал бода мерхьинавурав,
Бадругин Хайбаралда, УхIуд, ХIунайниялда
Гъазизабазул бодулъ ватила диваналда.
Рагъул аят тIад хъвараб хьирим буго гIодулеб
Цо гулил ругъуналъе Гъайирбег чучунилан.
Бидул мухъал тIад ругеб хвалчен буго чIегIер бан,
Цо кьвагьараб тункIие тулпар тамахлъунилан.
Пусманияз къотIулеб къолдадул гIекI тIунилан,
Пад росолнакIкI лъун буго Салатавалъул бода.
Боял къалъулеб къилба къадаралде щванилан
Щапун, бералги къапун, Малачилав гIодула.
Дагъисталалъул КагIба Кардумалда бихидал,
Ургъалил гъугъай буго Гъайирбегил каранда.
Къадаралде таваккал гIурал унел рагъулъе
Шагърабаздасан вищун, имамас квер тIад лъурав,
НахъбакIалъул ханасул хабар-казият хъвазе,
Малаикзабаз хъваниги, хабар хъван лъугIиларо.
СиратIалъул мусудуз восаги Салатгирей
Салатавалъул ханлъи хвезегIан цIунун чIарав.
Бичасул саламалда СултIан даим гьавеги,
Нур свинегIан канаб цIва Кардумалъухъ цIунарав.
Шамилица ретIунеб шаригIаталъул къолден,
Эндералда бахъидал Бияхъай хIайранлъана.
Радал мугIрузда чIвалеб Шамалъул накIкIул парча,
Чабчахъалда бихидал Бабако зигардана.
Бурангъул щоблъи сверухъ сунгрузул галамги
Гертмаялъул гIи-боцIи бацIун гьапуде гъурав.
Герей авлахъалдасан бахъун араб ахIуца,
Гучаб хъазахъазул бо нахъбуссине гьабурав.
БецIбагIарал чуязул чабхен хадубги гьабун,
Чабчахъалъул бахIарай яхъун, цадахъ ячарав.
Аргуналда татавал тункун бидул цIезегIан,
Капуразул чурхдузда чапун ругънал гьарурав.
ЧIикIаса МухIамадил босараб хIухьелалда
ЯхI бугеял къварилъун, щакърахине лъугьана.
Къваридаб ракI чучизе кодоб босараб къалам,
Пемер халалъунилан хIатIалъунги рикIкIунге.
АхIарасул, хъварасул хъизам-агьлугун цадахъ
Мунагьалги чураги чвахун даража щваги!

***М.Г1. ЧУПАЛАЕВ.***

# Субботник т1обит1ана



Нилъеца гIумру гьабулеб росулъ ва сверухълъиялда рацIцIалъи цIуни ккола щивасда тIадаб борч.

Гьава-бакъалъухъ балагьичIого, гьединал хIалтIаби гьариялъулъ жигараб гIахьаллъи гьабула Гъозтала росдал руччабазул советалъул членаз. Дагьаб цебегIан тIобитIараб субботникалда гьез кьищни-къулалдаса рацIцIад гьаруна росдада цебе бугеб шагьранух ва къватIал. КъватIазул рагIаллъабазда бижараб чIахI бецана Каримулаев Шамилица. Росулъ рацIцIалъи ч1езабиялда т1ад, кIвахIтун, хIалтIана ГIалиева Дайгьанат, Каримулаева ГIазра, ГIамирова СалихIат,Пашаева Марзият, Исрапова Калисат, Султанова Ада-эбел, ХIосенова Зульфия.

Гъозтала росдал бетIер Абакаров Абакарил г1ахьаллъиялда гьеб къоялъ къватIазде бана анцIго «Камаз» автомашина чабхил.

***А.СУРХАЕВА.***

# Сакъатал лъималазе лагерь

Дагьал цереᴦ1ан къояз Дилим росдал васазул мадрасаялда рагьана сакъатал лъималазе лагерь. Гьеб рагьиялъе квербакъана Хубар росулъа (г1инкъал лъималазда квераздалъун ва к1алалдалъун бицунеб бич1ч1инабулей сурдопедагог Зайнаб Мусаевалъ).

Гьей х1алт1улей йиго Мах1ачхъалаялъул рух1ияб управлениялъул муфтияталда бугеб лъайкьеялъул отделалда. Сакъатал лъималазе рух1ияб тарбия кьеялде, гьединазул г1умруялде балагьун, Зайнабие бокьана нилъер районалда гьезие лагерь рагьизе. Гьелъул пикру бит1араблъун рик1к1ана муфтияталъги. Гурх1ел-рах1му бугез бач1араб садакъаялдалъун лъималазе х1ажатабщинаб ч1езабизе квербакъана Дилим росдал мадрасалъул директор Шамиль Темирбулатовас. Гьабсаг1ат лагералда х1ухьбахъулеб буго къого лъимералъ. Жеги т1адеги рач1ине ругинги, бицана Зайнабица.

Лагералда руго росабалъа, шагьараздаса рач1арал сакъатал лъимал. Васазеги ясазеги бат1а-бат1аго ч1езабун буго какал




разе, регизе бак1ал. Сордо-къоялда жаниб гьениб лъималазе кьола щуго нухалъ т1аг1амаб квен. Гьезулгун т1орит1улел руго бат1и-бат1иял тадбирал. Рачунел руго экскурсиязде, лъай-хъвай гьабулеб буго сверухъ бугеб т1абиг1аталъулгун, щолел руго библиотекаялде, халкъиял т1аг1елазул музеялде.

Лъималазул рац1ц1а-ракъалъи ва сахлъи ц1униялда хадуб хъаравуллъи кколеб буго медсестра Зайнудинова Салих1атица, ва тарбияч1ужу Темирбулатова Мадинаца.

Лъималазул богогьабилъун ккола - Райх1анат Забитова ва Мадинат Х1ажиева.

Къокъаб заманалъе рагьараб бук1аниги, лагералда лъималаз гьабулеб буго лъик1аб х1ухьбахъи. Зайнабица рак1-рак1алъулаб баркала кьолеб буго Ш.Темирбулатовасе, лъималазе хъулухъ гьабулел киналго х1алт1ухъабазе ва садакъа кьолел росдал г1адамазе.

Аллагь разилъаги гьезда.

***Х1. КАРИМОВА.***

*Архивалдаса*

## КIудияб ВатIанияб рагъда...

***За доблестный труд в Великой Отечественной войне (медаль)***

1947-1948 соназ, СССралъул Верховный Советалъул Президиумалъул хIукмуялда рекъон, «**За доблестный труд в Великой Отечественной войне 1941-1945г.г.**» абураб медалалдалъун кIодо гьаруразул сиях1.




1. Г1алиева Х1ава
2. Хазуева Жабат
3. Гереханова Ати
4. Дациева Пат1имат
5. Абакаров Султансалим
6. Абакарова Г1унайзат
7. Болоц1иева Рах1имат
8. Давудова Аси
9. Идрисов Х1ада
10. Лабазанов Мирза
11. Мух1амадг1алиев Х1ажи
12. Сайбодинов Х1осен
13. Халидова Умук
14. Хасаев Жах1бар
15. Юсупов Гъазимух1амад
16. Эмеев Басир
17. Хасаева Сукайнат
18. Мусаев Муртазг1али
19. Х1амзатова Ана
20. Гъазиева Анисат
21. Садикъова Айсарат
22. Мусаева Бубу
23. Нуцалов Нуг1ман
24. Гъазиева Хазират
25. Мух1амаг1алиев Гъ-мирза
26. Къадиев Ух1у
27. Г1алих1маева Пари
28. Арсланбегова Пари
29. Батирова Сайгидат
30. Мух1амадг1алиев Х1асан
31. Ах1мадханов Мух1удин
32. Мух1амадова Сакинат
33. Садаев Г1амирхан
34. Садаева Сайгибат
35. Малачиев Мансур
36. Г1умаров Ладу
37. Эльдаров Халид
38. Асланкъадиев Б-мирза
39. Г1абасов Магьдихан
40. Идрисов Агъи
41. Г1амирова Зайнап
42. Асх1абов Назир
43. Х1асанова Сакинат
44. Халидова Гичи
45. Салгереев Г1умар
46. Иманг1алиев Идрис
47. Салгереев Г1али
48. Джантимирова Улай
49. Гъарабатиров Бакар
50. Г1абдулаева Калимат

***М.Г1.ЧУПАЛАЕВ***
***(хадусеб бук1ине буго)***

*ОМВД извещает...*

## Операция «Мак-2017»

**С 13.06. по 15.07.2017 года на территории обслуживания ОМВД России по Казбековскому району проводилась межведомственная комплексная оперативно-профилактическая операция «Мак-2017» (первый этап)**

В период проведения данной операции был проведен комплекс мероприятий по выявлению, предупреждению и раскрытию преступлений, связанных с незаконным оборотом наркотических средств растительного происхождения, а также сильнодействующих лекарственных препаратов и психотропных веществ.

**Операция «Автобус - незаконный перевозчик»**

С 11.07. по 24.07.2017г. ОГИБДД России по Казбековскому району была проведена операция «Автобус – незаконный перевозчик». Ситуация, связанная с обеспечением безопасности пассажиров на территории РД, в том числе и в Казбековском районе, остается сложной.

Многочисленные нарушения ПДД, превышение скоростного режима транспортными средствами, занятыми перевозкой пассажиров, приводят к резонансным дорожно-транспортным происшествиям с тяжкими последствиями.

В связи с этим, с 11.07. по 24.07.2017г. в нашем районе было проведено оперативно-профилактическое мероприятие «Автобус - незаконный перевозчик», направленное, как ранее отмечалось, на профилактику, недопущение, стабилизацию ситуации и активизацию работы по выявлению и пресечению правонарушений, связанных с нарушением правил перевозки пассажиров и грузов пассажирским транспортом.

*Спорт-инсанасул сахлъи*

# Шашкаби хIалезул къецал




16 июлалда районалъул культураялъул Централда тIоритIана шашкаби хIаялъул къецал. Экологиялъул соналда хурхинабун тIобитIараб гьеб турниралда гIахьаллъана 5 росулъа 16 шашкаби хIалел.

Швейцариялъул системаялда гIуцIарал гьел къецазул букIана 7 тур. Х1асилал гьарун хадуб баянлъана тIоцебесеб бакIалъе Дилим росулъа Шамиль Шапиев мустахIикълъаравлъи, кIиабилеб ва лъабабилеб бакIазде Ленинаулалдаса Пусман Давурбегов ва Мурадис Дагуев рачIараблъи.

АбичIого гIоларо,нилъер шашкаби хIалел гIахьаллъулин республикаялъул роцада тIоритIулел турниразда ва гьез гьенир росулин призалъулал бакIал.

Призалъулал бакIал ккуразе гьенир къуна, районалъул администрациялъул рахъалдасан, медалал, кубкаби,грамотаби ва гIарцулал сайгъатал.

***И. БУЛАТХАНОВ.***

## Соблюдение законности – во благо себе и экономике своего поселения

**«Обеление» экономики» -** один из основных приоритетных проектов развития нашей республики. Он предусматривает проведение целенаправленной работы по улучшению экономического состояния Республики Дагестан. Улучшение состояния экономики – это результат совместного труда и участия, как трудовых коллективов, так и каждого конкретного лица. Ответственное выполнение законных требований каждым налогоплательщиком, которая заключается в подаче деклараций о доходах, регистрации земельных участков, других объектов недвижимости, своевременная и полная уплата имущественных налогов – все это и есть участие каждого лица в повышении экономического благосостояния республики, района и поселения, что в конечном итоге непосредственно отражается на создание социально-бытовых условий в поселениях района.Кроме того, не исключено, что в районе некоторыми работодателями практикуется выплата заработной платы, минуя платежные ведомости. Это является нарушением законодательства РФ. Работник, получивший заработок, выдаваемый работодателем в нелегальной форме лишается начисления пенсии по этим сумам при достижении пенсионного возраста, получения пособия при временной нетрудоспособности (больничных) и других выплат, предусмотренных российским законодательством. Необходимо перейти на законное положение легализации труда и заработной платы работающих.Тем, кто не оформил право на земельный участок, домостроение и другие объекты недвижимости необходимо предпринимать действия по их регистрации в установленном законом форме. В противном случае, в один момент, не представится возможным осуществление правовых действий относительно того или иного вашего земельного участка или строения.

***Ведущий специалист отдела экономики, планирования и организационным вопросам А.М. ГАДЖИЕВА.***

# Обращение

**Уважаемые жители Казбековского района**!

ГБУ РД КЦСОН в МР «Казбековский район» проводит благотворительную акцию «Твори Добро» по сбору средств для малоимущих, многодетных и семей оказавшихся в трудной жизненной ситуации. Целью данной акции является привлечение внимания населения к проблемам и нуждам малоимущих, неполных, многодетных семей и оказание таким семьям благотворительной помощи. Напоминаем, что принимается любая финансовая помощь, а также одежда, предметы первой необходимости, бытовые принадлежности, детское питание, продукты длительного хранения. Все принятые в дар вещи будут распределены по размерам и функциональной пригодности, и переданы в нуждающиеся семьи. Просим всех откликнуться и принять участие в акции «Твори Добро»!

***Адрес пункта сбора вещей: с.Дылым ул. И.Шамиля 9, КЦСОН.***

***Режим работы: ежедневно с 8. 00- до 16.00 (кроме субботы и воскресенья).***

***Телефон для справок : 89282531902***

***Директор ГБУ РД КЦСОН в МР «Казбековский район» МУХАЕВ Ю.И.***

БетIерав редактор: Мухтар Чупалаев тел: 55-48-94

Жавабияв секретарь: Мух1амад-Шарип Г1абдулашимов

Мухбирзаби: ХIалимат Каримова, Сапият Султанмух1амадова

Фотомухбир: Насрудин Абужанатов

Набор: Меседо ХIайбаева

Верстка: М.АтавхIажиева З.Г1абдулмуслимова

Типографиялъул адрес: Хасавюрт шагьар, ООО "Типография№4. ул. Мусаева 42

Учредитель: Администрация МР "Казбекский район"

Редакциялъул адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368141

Индекс: 51354

Заказ №111 Тираж 1280

Газета зарегистрирована в Управлении ФСН по РД 19.05.2014 г. ПИ № ТУ 0500290

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола